



# Lis Sa pou Nou Tcheke pou Retou Lekòl



## ENSKRIPSYON

Nou ankouraje fanmi yo pou enskri pitit yo bonè pou evite reta nan pwosesis yo. **PREMYE** jou lekòl nan “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County se 23 out 2021. Pou plis enfòmasyon, vizite <http://attendanceservices.dadeschools.net/>.



## APLIKASYON MOBIL DADESCHOOLS

Aplikasyon Mobil Dadeschools yo resamman mete ajou se yon aplikasyon ak plizyè fonksyon pou paran. Resevwa enfòmasyon enpòtan tankou orè klas, nòt lekòl, nouvel Distri ak anpil lòt. Telechaje aplikasyon gratis la nan aparèy iPhone oubyen Android ou.



## FOUNITI KLASIK

Elèv yo ap bezwen founiti klasik ki nesèsè yo. Paran ta dwe tcheke sit entènèt lekòl pitit yo a oubyen kontakte lekòl la pou lis founiti klasik yo.



## MANJE

“The U.S. Department of Agriculture (USDA)” (Depatman Agrikilti Etazini) anonse li ap pwolonje egzansyon fleksibilite manje ete yo, ki ap pèmèt M-DCPS sèvi manje maten ak manje midi gratis pou timoun ki enskri pandan tout ane lekòl 2021-2022 a.



## ZÒN LEKÒL YO

Ralanti, rete vijilan epi kanpe pou otobis yo. Obsève limit vitès 15-mph lekòl la.



## ANGAJMAN FANMI

Chèche konnen pwofesè pitit ou a nan kòmansman ane lekòl la. Mande yon reyinyon an pèsòn oswa vityèl avèk yo pou pataje enfòmasyon enpòtan sou pitit ou epi pou mande kijan pou w pi byen sipòte aprantisaj yo lakay. Konsidere antre nan yon òganizasyon paran tankou “Parent Teacher Association (PTA)” (Asosyasyon Paran Pwofesè) oswa fè volontè nan lekòl pitit ou a. Pale ak direktè pitit ou a pou plis enfòmasyon sou PTA oswa imèl nan [info@mdccpta.net](mailto:info@mdccpta.net). Pou chèche konnen ki jan ou ka vin yon volontè lekòl, vizite <https://www.engagemiamidade.net/volunteers>.



## LIY ENFÒMASYON

Edikasyon Adilt Karyè/Teknik: 305-558-8000  
Sèvis Sante Mantal pou elèv/paran: 305-995-7100  
Pwojè ‘UP-START’ pou elèv ki pa gen lojman estab: 305-995-7558



## KOUVRI FIGI

N ap pran yon desizyon konsènan kouvri figi apre reyinyon gwoup travay ekspè medikal ak sante piblik Distri a k ap fèt 16 out 2021.



## ENFÒMASYON SOU KONTAK

M-DCPS gen abilitè pou kominike kòrèkteman e avèk efikasite avèk paran atravè mesaj vwa, tèks, ak imèl. Li enpòtan pou lekòl pitit ou a gen enfòmasyon pi ajou sou kontak ou. Paran ka bay dènye enfòmasyon yo nan kontakte direktè lekòl pitit yo a. Yo ka chwazi pou resevwa mesaj tèks ijan nan voye mesaj tèks “Y” nan 67587 sou aparèy mobil yo.



## VAKSEN

Nou ankouraje paran pou yo tcheke dosye vaksen pitit yo pou wè si yo gen pou yo pran vaksen yo mande pou antre lekòl la. Nou mande pou tout elèv M-DCPS pran vaksen selon laj yo pou elèv ki gen laj pou ale lekòl pou ane lekòl 2021-2022 an. “The Centers for Disease Control and Prevention (CDC)” (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) rekòmande tou pou tout moun ki gen 12 e pi gran resevwa vaksen COVID-19 la pou ede pwoteje yo kont viris la.



## INIFÒM

Nou ap ranfòse règ sou inifòm nan. Kontakte lekòl pitit ou a pou jwenn plis enfòmasyon.



## TRANSPÒ

Chache konnen enfòmasyon sou wout estòp otobis yo anvan lè a rive. Si w abite (2) de kilomèt de lekòl yo asiyen pitit ou a, li ka elijib pou sèvis otobis.



## SWEN APRE LEKÒL

M-DCPS ofri plizyè pwogram swen apre lekòl. Kontakte lekòl pitit ou a pou jwenn plis enfòmasyon.



## SEKIRITE AN PREMYE

Prevansyon! Prevansyon! Prevansyon! Mande pitit ou a pou l di yon bagay si l wè yon bagay ki sispèk. Rapòte enfòmasyon anonim nan 305-995-COPS (2677) oswa sou aplikasyon FortifyFL, ki disponib nan [getfortifyfl.com](http://getfortifyfl.com).

Revize apati de 10 out 2021

